


KOTE POU ALE PANDAN YON IJANS RADYASYON



RANTRE ANNDAN



RETE ANNDAN



RETE BRANCHE



PA
ANSEKIRITE



OK
PLIS
SEKIRITE



PI PLIS
SEKIRITE

Si yon ijans radyasyon rive nan zòn ou an, ou ta dwe rantre anndan tousuit.

Kèlkeswa kote ou ye, aksyon ki pi ansekirite pou fè se pou: RANTRE ANNDAN. RETE ANNDAN. RETE ENFÒME.

- Fèmen epi klete tout fenèt ak pòt yo.
- Ale nan sousòl la oswa nan mitan yon batiman. Materyo radyo aktif yo chita andeyò batiman an; kidonk, pi bon bagay pou fè, toutotan ou kapab, rete pi lwen posib mi yo avèk twati batiman an.
- Si posib, etenn vantilatè yo, èkondisyone yo, epi aparèy chofaj yo ki pote van ki soti deyò a. Fèmen reglaj chemine yo.
- Mennen bèt domestik yo anndan.
- Rete branche sou mizajou enstriksyon sou repons ijans otorite yo.

